

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métonde jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Métonde Panalungtikan

Métode jeung téhnik panalungtikan baris nangtukeun hasil henteuna hiji panalungtikan. Ku kituna, unggal panalungtikan merlukeun métode jeung téhnik panalungtikan nu luyu jeung masalah anu ditalungtik, nu ahirna dipiharep panalungtikan tur faktana téh bisa dipertanggungjawabkeun.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode ieu digunakeun kulantaran luyu jeung salah sahiji tujuan panalungtikan, nya éta ngadéskripsikeun sacara sistematis ngeunaan basa Sunda dialék di Kacamatan Sukahaji Kabupatén Majalengka. Nurutkeun Suyatna (2002, 14) tujuan métode déskriptif téh nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu.

Métode deskriptif téh miboga ciri-ciri: (1) museur panitén pikeun ngaréngsékeun masalah anu aya patalina dina mangsa kiwari sarta dina masalah anu aktual, (2) data nu geus dikumpulkeun satuluyna disusun, dijéntrékeun sarta dianalisis.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, observasi, jeung wawancara.

a) Studi Pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar teoritis anu aya patalina jeung subyék panalungtikan anu keur ditalungtik.

b) Observasi

Observasi dilaksanakeun ku cara nempo jeung ngalakukeun pangamatan sacara langsung kana obyék nu rék ditalungtik sangkan boga gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan daérah anu rék ditalungtik, sarta nuliskeun hal-hal nu sakirana penting pikeun kaperluan analisis. Dina hal ieu, observasi nu dilakukeun ku panulis nya éta ku cara niténan langsung kahirupan masarakat di Kacamatan Sukahaji Kabupatén Majalengka.

c) Wawancara

Wawancara mangrupa téhnik komunikasi langsung pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun. Dina ieu panalungtikan wawancara nu dilakukeun nya éta wawancara berstruktur, nya éta panulis ngajukeun daptar patalékan anu aya hubunganana jeung panalungtikan dumasar kana padoman wawancara nu geus dijieun.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2002: 136) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun (a) angkét, jeung (b) padoman wawancara.

a) Angkét

Instrumén panalungtikan nu mangrupa angkét aya dina kaca satuluyna.

Kuésionér Informan

Kampung:.....Désa:.....

Kacamatan: Sukahaji

Kabupatén: Majalengka

1. Ngaran:.....Jenis kelamin:

2. Umur:.....Taun, Tempat lahir:.....

(di jero/luar kampung/désa/kacamatan/kabupatén

3. Atikan:.....

4. Matuh di désa ti mimiti:.....

5. Kungsi/teu kungsi cicing di luar désa/kacamatan/kabupatén

di.....ti mimiti.....

nepi ka.....balik ka désa ti mimiti.....

6. Kawin/teu kawin

7. Basa nu dipaké di imah

a. Basa.....

b. Basa.....

8. Basa di masarakat:

9. Basa di tempat pagawéan:

10. Basa lain nu digunakeun:.....

Dina kasempatan:.....

Wawancara tanggal.....2008

di.....jam.....

Nu ngawawancara.....

b) Padoman Wawancara

Conto padoman wawancara:

Tabél 3.1

CONTO PADOMAN WAWANCARA

NO.	Kandaga Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap séjén nu dipaké
A.	Istilah Pancakaki			
1.				
2.				
3.				
Jsté.				

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sajumlahing jalma, barang, atawa hal nu nyumponan sarat-sarat nu tangtu nu aya patalina jeung masalah panalungtikan (KBBI, 1989: 695)

Léngkah munggaran saurang panalungtik kudu nangtukeun heula sacara jelas ngeunaan populasi nu jadi sasaran panalungtikan nu disebut populasi sasaran (*target population*), nya éta populasi nu engkéna bakal jadi kacindekkan, ku kituna nurutkeun étika panalungtikan, kacindekkan éta ngan saukur lumaku pikeun populasi sasaran nu geus ditangtukeun.

Anggota populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kekecapan dialék nu aya di Kacamatan Sukahaji Kabupatén Majalengka.

3.3.2 Sampel

Sampel mangrupa bagian tina populasi sarta dianggap bisa ngawakilan populasi. Dina kanyataanana hésé pisan pikeun manggihan sampel nu mangrupa replika tina populasi (Suyatna, 2002: 14)

Ieu sampel panalungtikan téh maké cara wilayah, nya éta ku cara milih sampel nu dianggap bisa ngawakilan anggota populasi dumasar kana ciri-ciri jeung sipat-sipat nu dianggap mibanda hubungan jeung ciri-ciri atawa sipat-sipat populasi nu geus dipikanyaho saméméhna. Ieu cara lantaran anggota populasi kacida lobana jeung hétérogén. Spésipikna nya éta kalér, kulon, kidul, wétan jeung tengah. Ku lantaran kitu ieu sampel téh disebut sampel wilayah jeung sampel purfosive, nya éta sampel nu saluyu jeung tujuan panalungtikan.

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

Léngkah-léngkah dina ngagarap ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nya éta (1) tahap tatahar, (2) tahap ngumpulkeun data, (3) tahap nganalisis data, jeung (4) tahap nyusun laporan.

3.4.1 Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilakukeun dina tahap tatahar ngawengku:

1. néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik (studi pustaka);
2. nangtukeun masalah, judul, jeung rangkay panalungtikan;
3. nyieun proposal panalungtikan;
4. ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan; jeung
5. konsultasi ka dosén pangaping.

3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dialaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

1. ngumpulkeun data panalungtikan;
2. ngalaksanakeun observasi;
3. ngayakeun wawancara;
4. ngainvéntarisir data nu asup; jeung
5. konsultasi ka dosén pangaping.

3.4.3 Tahap Nganalisis Data

Kegiatan dina nganalisis data ngawengku:

1. mariksa jeung ngaidéntifikasi data;
2. data klasifikasi dumasar kana indikator;
3. data ditabulasikeun dumasar indikator;
4. nyirian désa anu ngagunakeun kecap-kecap dialék anu dianalisis; jeung
5. nyieun peta géografisna.

3.4.4 Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan, baris disusun dumasar kana aturan-aturan ilmiah winangun skripsi. Dimimitian ti bab I nepi ka bab V. Dina bab I ngawengku bubuka, kasang tukang, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, sarta wangenan oprasional. Dina bab II ngawengku tatapakan tiori, sagala tiori-tiori anu aya patalina jeung panalungtikan nu baris dipedar dina bab II. Bab III ngajéntrékeun kumaha métode panalungtikan anu digunakeun dina panalungtikan. Bab IV deskripsi, analisis jeung pedaran hasil panalungtikan. Sedengkeun dina bab V mangrupa kacindekkan jeung saran.

